

Pwojè plan pou lekòl la pandan ekzèsis lane 2021 an pou ka ranfòse konpetans ki pa akademik kay elèv yo (SWP)

1. Konpetans ki pa akademik kay elèv yo

Atlantic High School posede yon matris lan konpòtman pozitif ki pote non (SOAR) ki reprezante sekirite dabò, aksyon apwoprye responsablite ak respè. Lan lekòl la tou nou itilize anpil entèvansyon an matyè de konpòtman lan klas akademik nevièm (9) e dizyèm ane (10)lekòl la. Lan entèvansyon sa yo , nou genyen pa egzanp, voye avètisman bay paran yo, rele paran lakay yo, pran ti repa ansanm, epi tou retni elèv yo apre lekòl epi ankò kenbe ti moun yo lan lekòl la jou samedì. rekòmandasyon pozitif sa yo pran 3 Eagle Bucks ou byen twa fòm dola, 5 Eagle Bucks e 10 Eagle Bucks. Elèv ki fè byen lan lekòl la ou byen lan klas ap genyen pou resevwa dola eagle sa yo.

Konseye nou yo ofri seyans endividyèl ou byen an gwoup pou yo abòde diferan pwoblèm. pwoblèm, sa ka gen divès entimidasyon, si gen moun mouri lan fanmi lan , epi tou si gen vyolans lan frekantasyon lan anviwonman ti moun nan. etc. Konseye oryantasyon nou yo ki pale anpil lang ap gen pou fè vizit regilyèman lakay fanmi yo pou yo ka soutni fanmi sa yo lè yo gen bezwen. Chak de semèn ajan resous eskolè sa yo ap gen pou yo chita pran ti repa ak yon gwoup espesyal pou yo ka bayo ti konsèy sou konpòtman yo lan yon fòm de sipo gran moun, kòm si dire yap bayo direksyon. Yon espesyalis lan zafè konpòtman ap gen pou jwenn ak elèv la de fwa pa semèn pou ede yo bati yon bon pèsonalite.

Lekòl la tou gen yon patnè ki rele Genesis Community Health kap founi swen konpòtman ak sante pou etidyan ki sou kampus lekòl la. Epi tou gen yon moun ki sanse travay kòm yon travayè sosyal espesyalize an matyè de konpòtman pou òganize seyans terapi endividyèl pou etidyan kap konfronte pwoblèm emosyonèl, epi tou ki gen pwoblèm kòm si dire tandans moun fou, pwoblèm pèsònèl, pwoblèm manje epitou pwoblèm dròg . Genesis tou anplwaye yo enfimyè pratik e yon pedyat pou bay swen. Enfimyè sa se moun yo ki apwouve pa yon Konsèy lekòl la sou kanpus la.

“ No Place for Hate” se non ke nou genyen pou yon Klub elèv ki pa tolere konpòtman rayi lòt sou la kou lekòl la. Klub sila òganize aktivite pandan twa (3) ti repa pa twò lwen kafeterya sou la kou a pou ka atire atansyon etidyan yo. Bi yo menm se pou fè prevansyon kont entimidasyon epi tou pou ka pratike respè yonn pou lòt sou Kampus la.

Gras a AVID (Advancement Via Individual Determination), Avansman vè yon detèminasyon endividyèl , lekòl la angaje etidyan pou li patisipe lan aktivite ke li te akademik ou pa, tankou konferans , pwomnad . Etidyan aprann anpil sou konpetans detide , ki jan pou yo pran nòt , ki jan pou yo jere tan yo , kijan pou yo li, konprann sa yo li a , angaje yo lan tout yon seri de rechèch lan zafè kilti ki gen pou wè ak inivèsite. Yonn lan etidyan ki te lan gwoup AVID lan , li te parèt kòm yon envite , kòm yon konferansye pou te pale lan lig kont difamasyon (ADL) lan yon

evènman lan lane 2017. Patisipan sila te gen yon mwayèn en gwo de 2,5 (GPA), li pat gen pyès pwoblèm disiplin epi tou li te premye moun lan fanmiy li ki te te frekante inivèsite.

2. Aplikasyon travay SBT / MTSS

Etidyan yo idantifye lan tout nivo gras a fason yo fé pou yo ka rezoud pwoblèm yo jis pou ka koresponn a resous pedagogik, konpòtman sosyal emosyonel , sa ke etidyan ka bezwen pou li reyisi. Se yon jan de pwosesis ke anseyan mete an plas tankou kèk model konpotman konsa. Depi avan tou ekip ki fè pati de lekòl la dwe idantifye pou li wè si se yon bagay ki enpòtan ou byen ki pa enpòtan , si se yon ti pwoblèm ou byen si li endiviyèl. Yo ta dwe anvizaje pwoblèm nan lan tout aspè li si se ta yon pwoblèm endividyèl. Li ta enpòtan tou pou yo poze tèt yo kesyon, pou ki sa gen pwoblèm nan la a , èske se ta yon pwoblèm de konpetans ou byen motivasyon? Fason pou yo soutni etidyan vin depann de sa ke yo idantifye, done ke yo ta jwenn yo, se sa kap detèmine reyisit elèv la. Apre ke yo ta idantifye difikilte ke elèv la genyen pwoblèm lan yon nivo, anseyan ka pwosede a yon evalyasyon pou yo ka idantifye si se ta yon defisyans aprantisaj. Lan kèk ka byen patikilye, soutyen an ta dwe soti de yon ajans deyò, byen kowòdone an konsekans. Yo dwe tou veye sou pwogrè ke elèv fè ou byen akonpli chak semèn ou chak de semèn . Si yo ta santi tou ke etidyan pa reponn a entèkansyon an, yo ta dwe ale yon jan pou fè ajisteman. (RtI), .Tout altènatif sa yo, se yon ti ajisteman pou yon ti tan ki dwe an akò avèk apwobasyon paran yo. Lè sa a yap gen pou yo mete sou pye yon pwogram ki ka dire uit (8)semèn konsa lan klas la. Apre entèkansyon de uit (8) semen nan avèk yon evalyasyon, si yo bezwen lòt enfòmasyon nesesè, ekip SBT a ap gen pou li kreye yon pake kap gen konsantman paran an , ki tap pi bon pou aprantisaj endividèl etidyan an.

3. Bay yon edikasyon total byen fèt tout bon vre.

Atlantic High School ofri posiblite a tout etidyan ki vle swiv kou yo ta chwazi ki ka pèpèt yo patisipe lan tout egzamen leta yo. Kou sa yo : se Photoshop, Illustrator, Adobe Premier, AutoCAD, Inventor, NCCER Carpentry, NCCER Masonry, MOS, CompTIA, Flash et Web Design. Etidyan yo ka chwazi pou yo pran pa lan lan yon club teyat apre lekòl fin lage pou yo ka gen siksè lan teyat. Antre lan bann kap jwe mizik , se toujou yon kou ki pèmèt etidyan pwodwi, anplwaye talan li yo pou li byen reyisi epitou pou li ka jwenn bous detid. Junior Reserve Officers Training Corp (JROTC) aprann etidyan yo ki jan pou kondwi tèt tankou bon sitwayen , sitwayen kap byen pwodwi lan travay yo. Construction Academy prepare etidyan yo pou jwenn travay .Syans'Académik medikal e Akademi de Jistis pénal ofri etidyan chans pou yo ka antre lan estaje yo bay pou yo ka antre lan Kò polis Delray Beach, Lan Kò ponpye ak lopital Bethesda. Atlantic bay elèv tou chans pou jwenn lan klas Espò, gwoup, koral, atis, lang etranje ak anpil lòt travay èv atistik.

4. Posiblite pou etid apre klas secondè epi tou preparasyon pou jwenn travay.

Atlantic High School ofri elèv yo yon varyete de pwogram, espesyalman lan avansmaman pou detèminasyon endividyèl la ki rele (AVID) la. Pwogram sila ede etidyan yo anpil sitou ak klas ki parèt difisil yo. Klas sa a montre etidyan kijan pou yo mennen antrenman yonn ak lòt, ki jan pou

yo montre lòt moun, se yo menm menm ki pratike seyans sa yo antre yo menm . Ane sa a de (2) etidyan ki lan Florida Atlantic University (FAU) te patisipe lan reysisit pwogram sa a. Yo te gen aksè a anpil enfòmasyon sou kesyon konsènan Kolej ak inivèsite pske yo te patisipe lan pwogram pwomnad, envitasyon pou konferansye, epitou pratike jan pou yo montre lòt . Yo te aprann tou ki jan pou jwenn bous lan lekòl yo ak ki jan pou yo antre lan Kolèj. Lekòl la tou te bayo posiblite ki jan pou yo patisipe an menm tan lan de (2) lekòl tankou lan (FAU) ak lan Palm Beach State College (PBSC). Yo mande tankou ke fò etidyan gen mwayèn an gwo de 3,0 (GPA), 440 verbal e 440 matématik lan SAT, ou byen tou li obteni yon nòt de 19 lan lecti (Li) , 17 lan angle e 19 lan matématik lan ACT ou PERT: 106 lekti, 103 lan ekri ou redaksyon epi 114 lan matématik.

Etydyan yo ka swiv pwogram Baccalauréat International (IB). Se yon pwogram o chwa, yon konbine de de kelke inivèsite tradisyonel avèk misyon Baccalauréat International. Bi pwogram sa a se pou devlope kay etidyan yo konpetans entelektyèl, pèsònèl, sosyal nesèsè pou yo ka viv, aprann , travay lan sosyete rapid sa a ki lan monn nan.Epi tou genyen yon pwogram de Karyè (IBCP) ki adrese a elèv ki ta vle swiv prensip pedagogik lan Pwogram IB a.

Etidyan yo kapab tou swiv kou AICE et AP, ki tout yon ansanm de klas ki gen pou wè ak Kolej pou ankourajman yo.Yo defini AICE a kòm Advanced International Certificate of Education e AP a kòm Advanced Placement.

Lekòl la tou gen yon pwogram ki rele JROTC (Junior Reserve Officers Training Corps) ki se yon pwogram pou motive jèn yo pou yo ka vini tankou bon sitwayen ki ka byen konpòte yo lan sosyete a. Eagles Nest Construction Academy ap konstri 2 kay avèk asosyasyon vil Delray Beach. Etidyan lan asosyasyon Konstriksyon sa a ap fè bon jan pratik lan bati kay pou yo ka jwenn travay apre ke yo fin jwenn diplòm lan Akademi sa a. Konsa tou , nou ofri yon pakèt sètifika sou mache travay pou ka ankouraje etidyan nou yo jwenn travay apre ke yo kite lekòl. Lan tout sa yo , nou ka mansyonnen Early Childhood Development Academy, kap prepare etidyan yo pou yo pran tès leta pou yo ka jwenn travay pou gade ti moun.Etidyan ki lan akademi Kwizin nan menm tou gen posiblite pou yo jwenn travay apre yo ta fini lan segondè.

Nou gen de jounen de Karyè tou ke nou òganize. an otòn e o prentan, nou bay etidyan an posiblite pou yo fè volontè lan kominote ya pou yo ka jwenn travay lan kominote a. Nou genyen yon pakèt akademi toujou e nap kontinye devlope yo chak ane sitou lan mache espò a , lan redaksyon epi lan desen , lan medsin tou. Nou asosye tou avèk vil Delray pou tout akademi nou yo e nap kontinye travay lan yon kolaborasyon serye ak Vil Delray pou Akademi Justice penal nou an. Lekòl la tou bay klas lan Drafting & Design Academy epi tou kan yo fini ak pwogram yo, etidyan yo ka pran yon egzamen lan tout branch sa yo: Photoshop, Illustrator, Adobe Premier, AutoCAD, Inventor, NCCER Carpentry, NCCER Masonry, MOS, Comp TIA, Flash et Web Design . Syans Akademik lan ofri etidyan yo posiblite pou ka avanse lan pratik karyè EMT.

5. Tranzisyon lan Pwogram edikasyon pou soti lan ti moun piti pou antre lan Klas primè.

S / O

6. DEvlopman

PLC ki se kote ke nou rele Kominote aprantisaj pwofesyonel, kote ke anseyan yo resevwa yon devlopman pwofesyonèl lan domèn yo . Li sanse gen tout baz ak routin ki ka asire yon bon ansèyman. Anseyan yo ap gen pou patisipe pou de (2) semèn pandan ane a. Yap genyen tou pou yo analize done yo , evalyasyon fòmatif, diskisyon sou tout fòm, pratik, estrateji, tout konklizyon yo te jwenn e tout travay yo te arive fè sou kesyon reyisit elèv la. Seyans sa yo sou PLC yo, se Direktè adjwen , lidè pedagogik ak antrenè pedagogik ki te asire yo. Reyinyon pwofesyonèl sa yo (PD) e PLC yo antre an liy ak jan de modèl anseyman Palm Beach (PBMI) epitou yo antre lan Kad modèl Mazano.

Avansman pou detèminasyon endividyèl la ki se (AVID) plase lan Kad sis (6) klas o chwa AVID. Pwogram AVID la mande antrenè AVID e yon devlopman pwofesyonèl lan Kad pwogram AVID. Ekip AVID la jwenn ansanm yon fwa pa mwa e yo kole ak pwogram ki lan pwogram Sètifika AVID la. Konsa tou yo fòme anseyan siplemantè lan Kad pwogram nan pou ka garanti estrateji pedagogik ki santre sou kolaborasyon e rechèch lan nivo lekòl la.

Atlantic High School mete PLC a lan travay chak semèn lan domèn tè. Nou travay tout an kolaborasyon etwat ak pèsonèl distri a lan branch Matematik, lan zafè lang Angle a (ELA) e moun kap aprann lang nan (ELL) tout sa pou nou ka pote èd nou lan sal de klas yo. Nou gen yon pwogram tou pou nou montre , dirige lan nivo lekòl la, epi tou lan gwoup kap travay ansanm yo sou kesyon bezwen sosyal, emosyonel, e sitou lan mouvman pou sipòte bezwen eskolè kesyon sou konpòtman tou.

Anseyan ak nouvo anseyan yo ankouraje devlopman pwofesyonèl swiv liy ni, ak administrasyon lekòl la ki ankouraje pou gen lòt fòmasyon apre klas fin lage. Nou te lanse yon fòm de fòmasyon ki ale en pè (ou byen an de (2) pou ke anseyan ka veye yonn sou lòt epi tou pou yo ka pataje pratik ke yo fè.

Fasilitatè lang yo ke yo rele (CLF) e titè yo patisipe lan fòmasyon li tou pou ka sipòte klas yo sou yon yon fòm doub . Modèl sa a pèmèt a de (2) moun byen fòme pou yo travay ak etidyan lan chak klas yo. Para pwofesyonèl yo ki se moun kap travay bò kote pwofesè yo patisipe tou lan fòmasyon pou bay jarèt tou lan zafè estrateji pou korije konpòtman.

Tout moun ki se premye ane anseyman yo patisipe lan pwogram de soutyen sa a (ESP) epi tou yo reyini souvan.

7. Rekrute e Kenbe bon Edikatè yo

Atlantic High School rekrute anseyan yo lan kote moun al chache travay, yonn di lòt ki kote yap anboche pwofesè. Lekòl la tou mare ak Florida Atlantic University ki voye etidyan vin fè estaj pou yo ka gen eksperyans, epi tou menm etidyan sa yo konn retounen travay a plen tan lan lekòl la. Gras a pwogram AVID la ki se Avansman pou detèminasyon endividyèl la , moun sa yo ki se titè deziye pou fòme etidyan nou yo retounen vin travay lekòl la . An plis de sa, nou pran fèm desizyon pou nou prepare edikatè nèf pou nou ka soutni pwogram edikasyon an lan Distri a. Epi tou , chak fwa ke nou gen yon etidyan ki rive tou nèf, nou mare li ak yon lòt ki se kopen li

ou byen antrennè li . Gen anseyan ansyen ki la lontan, ki gen eksperyans lan chak branch ki la pou pote sipò yo ak anseyan ki se debitan yo. Responsab pedagogik yo pote soutyen yo e yo bati yon orè pou yo jwenn ak anseyan yo ki fèk vini yo prèske chak mwa ak yon antrenè lan domèn li ,lekti / Matematik pou yo ka kenbe konpa ansèy man an. Tout administratè yo pratike sa nou ta rele yon antre lib san frape pòt pou ede anseyan yo. Yo pratike tou ou di mwens yo selebre sa ki rele moun ke yo chwazi pou mwa a. Moun sa yo gen non yo make sou gwo tablo lekòl kòm Anseyan pou mwa a.

An plis tou nou gen anseyan ke pwogram Roots and Wings rekonpanse pou tèt yo akonpli devwa yo byen chak trimès. ajoute tou lè nou bay elèv yo pale, sistèm nou anplwaye a pèmèt (SWPBS) bay etidyan yo posiblite pou yo vote moun ke yo jije ki ta pran TIT PWOSESè pou mwa a . Anseyan sa a ranmase rekonpans sou rekonpans pou tout bèl travay li te dedye tèt li pou l te akonpli a.